

22 mas, 2020

## **Katriyèm (4) ka COVID-19 ki konfime ak kominikasyon apati kounya**

Chè kominote ki nan Inivèsite Maryland lan,

### **Nouvo ka konfime**

Yè, Inivèsite a te anonse gen de (2) nouvo ka COVID-19 yo konfime ki gen rapò ak UMD. Jodia, n ap konfime yon katriyèm ka: yon manm estaf Fakilte Syans Enfòmatrik, Matematik ak Natirèl (College of Computer, Mathematical and Natural Sciences). Pandan de semèn pase yo, yo te konnen anplwaye a te sou kanpis la sèlmanle 12 mas 2020. Pou suiv pwotokòl estanda nou an, nou te enfòme tout moun nou te konnen ki te gen yon kontak dirèk epi bay yo konsèy ki soti nan Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention, CDC).

### **Kominikasyon apati kounya**

Kominikasyon efikas epi atan se yon zouti enpòtan nan batay kont pwopagasyon COVID-19 la. Pou tout lòt ka yo konfime, nou pral mete kanpis la okouran nan fason sa yo:

- Enfòme tout moun nou konnen ki te rantre nan kontak dirèk ak yon moun ki kontamine nan dènye 14 jou yo;
- Transmèt lòt notifikasyon imèl bay lòt popilasyon ki kontamine yo, selon bezwen.
- Kenbe [umd.edu/virusinfo](http://umd.edu/virusinfo) antanke resous santral sou COVID-19 ki gen ladan li kantite ka yo konnen ki gen nan kominote Inivèsite Maryland lan; epi,
- Limite imèl nan tout kanpis la a notifikasyon ijans ak enfòmasyon ki enpòtan pou tout kominote inivèsite a, olye kantite ka yo. Sa a se an akò ak Lwa Clery a, yon lwa federal ki egzije notifikasyon ijans yo.

### **Enfòmasyon Byennèt**

Viris (COVID-19) la touche prèske chak fasèt nan lavi pèsonèl ak pwofesyonèl nou yo. Viris la pa fè diskriminasyon sou baz jewografi, ras, idantite oswa sèks, epi nou tout ap fè fas ak menm difikilte yo. Isi a sou kanpis lan, bagay sa kreye yon entèripsyon nan anviwònman kanpis nou an pandan n ap adapte nou a tele-aprantisay, tele-ansèyman ak tele-travay.

Sant Sante Inivèsite a ap travay pou bay bonjan kalite pwogram sante ak byennèt bay kominote inivèsite a. Sa vle di pran swen sante fizik ak mantal ou. Pandan tan sa yo ki gen ka pozitif, anilasyon ak asyon distans sosyal, li enpòtan pou pran swen tèt ou ak sante emosyonèl ou. CDC rekòmande bagay sa yo:

- Fè yon ti sispann gade, li, oswa koute nouvèl, enkli medya sosyal. Lè w tande y ap plede pale sou pandemi sa kapab boulvèsan.
- Pran swen kò w. Rale gwo souf, detire oswa medite. Eseye manje bagay ki gen vitamin ak ekilibre, fè egzèsis regilyèman, dòmi anpil, epi evite alkòl ak dwòg.
- Pran yon ti tan pou defoule w. Eseye fè lòt aktivite ou renmen.
- Pran kontak ak lòt moun. Pale ak moun ou fè konfyans sou sousi w gen epi kijan w santi w.

**Mèsi**

Mwen espere sensèman enfòmasyon sou sante sa yo pral ede w fè fas ak tan difisil yo. Nan non inivèsite a, mwen ta renmen remèsye pwofesyonèl swen sante nou yo epi tout moun ki dwe kontinye vin travay pou sèvi popilasyon an pandan pandemi a. Tanpri, rete an sante epi nou youn pran swen lòt.

Sensèman,

**Sacared Bodison, MD**

*Direktè Pwovizwa, Sant Sante Inivèsite a*